

# "HADALLÍQ VAKCINASI" DRAMASÍNÍŃ IDEYALÍQ, TEMATIKALÍQ TIYKARLARÍ

**Sipatdinova Qumar**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti studenti
https://doi.org/10.5281/zenodo.20080353

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 04-may 2026 yil
Ma'qullandi: 06-may 2026 yil
Nashr qilindi: 08-may 2026 yil

**KEYWORDS**

*Drama, obraz, personaj, ideya-tematika, kórkem sóz.*

**ABSTRACT**

*Bul maqalada Minajatdin Qutlımuratovtıń Hadallıq vakcinası degen dramasınıń ideya-tematikası hám onıń kórkem ideyası, ondaǵı personajlardıń obrazları haqqında sóz baradı.*

Minajatdin Qutlımuratovtıń "Hadallıq vakcinası" draması zamanagóy jámiyet turmısında tereń tamır jayǵan ádep-ikramlılıq hám sociallıq mashqalalardı kórkem talqılawǵa baǵıshlanǵan shıǵarma bolıp esaplanadı. Dramada hadallıq, hújdan, paraxorlıq, lawazımparazlıq, eki júzlilik sıyaqlı túsinikler oraylıq ideyalıq qatlamdı quraydı. Avtor jámiyette hadallıqtıń qádirsizleniwi insan shaxsınıń ruwxıy túskinligine alıp keletuǵının kórsetip, tamashagóydi qatań pikir júrgiziwge shaqıradı.

Shıǵarma waqıyaları tuwıw úyi, emlewxana, joqarı oqıw ornı hám ilimiy laboratoriya sıyaqlı áhmiyetli sociallıq orınlarda ótedi. Bul mákanlar biykarǵa tańlanbaǵan bolıp, olar jámiyettiń tayanısh institutları sıpatında talqılanadı. Avtor áyne usı tarawlarda paraxorlıq hám insapsızlıqtıń bar ekenligin kórsetip, mashqalanıń qanshelli tereń ekenin ashıp beredi. Máselen, emlewxana saxnalarında nawqaslarǵa múnásibet olardıń densawlıǵına emes, al materiallıq imkaniyatına qarap belgilenetuǵını keskin sınǵa alınadı. Periyzat obrazınıń: "Biz adamlardı keselligine qarap emes, qaltasına qarap ajıratıp aldıq"[1] degen pikiri jámiyettegi ádalatsızlıqtı ashıq sáwlelendiredi.

Dramanıń ideyalıq orayında hadallıq hám hújdan máselesi turadı. Avtor hadallıqtı insannıń tuwma pazıyletleri sıpatında emes, al turaqlı sınaq hám tańlaw nátiyjesi sıpatında talqılaydı. Ilimpaz obrazı arqalı jámiyetti ilim járdeminde "tazalaw" ideyası alǵa qoyıladı. Sebebi B.Genjemuratovtıń Kórkem ádebiyattı obrazlarsız kóz aldımızǵa keltire almaymız. Olar joq jerde kórkem shıǵarmada joq degen pikirleri bar. [3] Onıń: "Eger insannıń hújdanı oyansa, nızam da, qadaǵalaw da kerek bolmaytuǵın edi"[1], degen pikiri shıǵarmadaǵı tiykarǵı filosofiyalıq ideyanı sáwlelendiredi. Bul arqalı avtor hadallıq sırtqı májbúrlew arqalı emes, al ishki sana hám isenim arqalı qáliplesiwi kerek ekenligin atap ótedi.

"Hadallıq vakcinası" dramada simvolikalıq mániske iye bolıp, ol insannıń ishki dúnyasın ashıp beretuǵın qural sıpatında súwretlenedi. Vakcina tásirine ushıraǵan qaharmanlar óz

qılmısların jasıra almaydı, olardıń ishki keshirmeleri hám hújdan azabı ashıq kórinedi. Professor obraziniń bul processtegi ruwxıy azapları ayrıqsha áhmiyetke iye. Ol aldın para alıwdı ápiwayı jaǵday dep bilgen bolsa, vakcina tásirinen keyin ózin ayıplap, "Men jaslarǵa bilim emes, ótirik úyrettim"[1], dep pushayman boladı. Bul jaǵday dramalıq ideyanıń kúshin jáne de arttıradı.

Shıǵarmada jurnalist obrazı arqalı jámiyettegi biypárwalıq hám haqıyqatlıqtan qashıw mashqalası kóteriledi. Ol haqıyqattı bilse de, onı ashıq aytıwdan qorqadı. Bul obraz arqalı avtor hadallıq tek para alıwshılarǵa ǵana emes, al úndemey otırǵanlarǵa da tiyisli juwapkershilik ekenin kórsetedi.[1] Jurnalisttiń ekilenip aytqan sózleri jámiyettegi ulıwma qorqınısh hám biypárwalıq keypiyatın sáwlelendiredi.

Dramada hadallıq máselesi jeke mashqala dárejesinen jámiyet kólemindegi mashqalaǵa kóteriledi. Avtor paraxorlıq hám insapsızlıqtı ayırım shaxslardıń kemshiligi emes, al sistemalı mashqala sıpatında kórsetedi. Tuwıw úyi saxnalarında jańa tuwılǵan balalardıń táǵdiri pul menen sheshilip atırǵanı haqqındaǵı epizodlar tamashagóydi lárzege saladı hám keleshek áwlad táǵdirine biypárwa bolmawǵa shaqıradı. [2]

Solay etip, "Hadallıq vakcinası" dramasınıń ideyalıq, tematikalıq tiykarları insannıń hújdanı, hadallıq hám ádep-ikramlılıq juwapkershilik máselelerin tereń kórkem-filosofiyalıq talqılawǵa qaratılǵan. Shıǵarma oqıwshı hám tamashagóydi tek ǵana jámiyettegi illetler haqqında oylawǵa emes, al óziniń ishki dúnyasına názer salıwǵa májbúrleydi. Avtordıń tiykarǵı ideyası sonnan ibarat, jámiyetti reformalaw bárinen burın insannıń óz hújdanın reformalawdan baslanıwı kerek.

Minajatdin Qutlımuratovtıń "Hadallıq vakcinası" draması zamanagóy jámiyet turmısında tereń tamır jayǵan sociallıq mashqalalardı kórkemlik jaqtan sáwlelendiriwge baǵıshlanǵan shıǵarma bolıp, onda paraxorlıq, hújdan krizisi hám ádep-ikramlılıq krizistiń máseleleri jetekshi orındı iyeleydi. Avtor bul mashqalalardı ayırım shaxslar mısalında emes, al pútkil jámiyetti qamtıp alǵan sistemalı illetler sıpatında kórsetedi. Dramada waqiyalar túrli sociallıq ortalıqlarda - tuwıw úyi, emlewxana, joqarı oqiw orni hám ilimiy laboratoriyada ótiwi de mashqalanın keń kólemli ekenliginen derek beredi.

Shıǵarmada paraxorlıq jámiyettiń derlik barlıq tarawlarına sińip ketken illet sıpatında súwretlenedi. Ásirese, medicina mákemelerinde ótetuǵın saxnalar arqalı bul mashqala keskin ashıp beriledi. Shıpakerler nawqasqa adamgershilik normaları tiykarında emes, al onıń materiallıq jaǵdayına qarap múnásibette bolıwı jámiyettegi ádalatsızlıqtıń ayqın kórinisi bolıp esaplanadı. Periyzat obraziniń: "Biz nawqaslardı keselligine qarap emes, qaltasına qarap bahalay basladıq"[2] degen pikiri paraxorlıqtıń insan qádirin ayaq astı etip atırǵanın ashıq kórsetedi. Avtor usı dialog arqalı medicina tarawındaǵı ádep-ikramlılıq krizisti áshkaralaydı.

Paraxorlıq mashqalası bilimlendiriw sisteması mısalında da sáwlelendiriledi. Joqarı oqıw ornındaǵı professor obrazı bilim beriw ornına para arqalı baha qoyıwdı ádettegi jaǵdayǵa aylandırǵan shaxs sıpatında súwretlenedi. Ol óz qılmısların dáslep aqlawǵa urınadı, biraq "hadallıq vakcinası" tásirinen soń ishki qaygıǵa túsedi hám "Men jaslardı ilim menen emes, jalǵan menen tárbiyalaǵanman", dep tán aladı. Bul jaǵday jámiyette paraxorlıqtıń tek ǵana materiallıq zıyan emes, al ruwxıy kriziske alıp kelip atırǵanın kórsetedi.

Dramada hújdan krizisi máselesi paraxorlıq penen tıǵız baylanıslı halda súwretlenedi. Avtor qaharmanlardıń sırtqı is-háreketlerinen góre, olardıń ishki keshirmelerine ayrıqsha itibar qaratadı. Ilimpaz obrazınıń pikirlerinde bul jaǵday ayqın seziledi. Ol jámiyettegi tiykarǵı

mashqala nızamlardıń tómenliginde emes, al insan hújdanınıń sónip baratırǵanında dep biledi. Onıń: "Nızam bar, qadaǵalaw bar, biraq hújdan joq jerde ádillik bolmaydı"[1], degen sózleri shıǵarmadaǵı hújdan krizisiniń filosofiyalıq mánisin ashıp beredi.

Ádep-ikramlılıq krizisti dramada jámiyettiń ulıwma jaǵdayı sıpatında talqılanadı. Tuwıw úyi saxnalarında jańa tuwılǵan nárestelerdiń táǵdiri de aqsha menen sheshilip atırǵanı súwretlenedi. Bul epizodlar tamashagóydi tereń oylandıradı, sebebi avtor ádep-ikramlılıq krizistiń keleshek áwlad táǵdirine de tikkeley tásir etip atırǵanın kórsetedi. Hadallıqtıń joǵalıwı adamgershiliktiń joǵalıwına alıp kelip atırǵanın dramalıq jaǵdaylar arqalı ashıp beredi.

Jurnalist obrazı arqalı jámiyettegi biypárwalıq hám únsizlik saqlaw mashqalası kóteriledi. Ol paraxorlıq hám ádalatsızlıqtı bilse de, onı ashıqtan-ashıq aytıwdan qorqadı. Bul obraz arqalı avtor ádep-ikramlılıqtıń tómenlewi tek ǵana jınayat islep atırǵanlarda emes, al haqıyqatlıqtı kórip turıp úndemey atırǵanlarda da kórinetuǵının atap ótedi. Jurnalisttiń ishki táshwishleri jámiyettegi ulıwma qorqınısh hám biypárwalıq ortalıǵın sáwlelendiredi.

Solay etip, "Hadallıq vakcinası" dramasında paraxorlıq, hújdan krizisi hám ádep-ikramlılıq krizistiń máseleleri bir-biri menen óz-ara baylanıslı halda kórkem talqılanǵan. Avtor usı mashqalalardı áshkaralaw arqalı tamashagóy hám oqıwshını jámiyettegi illetlerge biypárwa bolmawǵa, bárinen burın óz hújdanı menen júzlesiwge shaqıradı. Shıǵarma sociallıq mashqalalardı kórkem qurallar arqalı sáwlelendiriw baǵdarında úlken áhmiyetke iye.

Minajatdin Qutlımuratovtıń "Hadallıq vakcinası" dramasında hadallıq hám hújdan máselesi shıǵarmanıń ideyalıq orayın quraydı. Avtor bul túsiniklerdi abstrakt ádep-ikramlılıq qádiriyat sıpatında emes, al insan ómirindegi eń áhmiyetli ruwxıy ólshem, jámiyettiń rawajlanıwın belgileytuǵın tiykarǵı faktor sıpatında talqılaydı. Dramada hadallıq hám hújdan máselesi insannıń ishki dúnyası, ruwxıy jaǵdayı hám ádep-ikramlılıq tańlawı menen tıǵız baylanıslı halda sáwlelendiriledi. Avtor qaharmanlardı hár qıylı jaǵdaylarǵa salıp, olardıń hújdan sınaǵınan qalay ótetuǵının kórsetedi. Shıǵarmada "hadallıq vakcinası" simvolikalıq obraz retinde qollanıladı. Ol ápiwayı ilimiy ashılıw yamasa medicinalıq qural emes, al insannıń hújdanın oyatıwshı, onı óz qılmısları menen júzbe-júz keltiretuǵın ruwxıy kúsh tımsalı bolıp esaplanadı. Vakcina tásirine ushıraǵan qaharmanlar ótirik sóyley almaydı, para alıwdı jasıra almaydı, óz mápin aqlawǵa urınıp ta ishki qayǵıdan qutıla almaydı. Bul arqalı avtor hadallıq sırtqı májbúrlew arqalı emes, al insannıń ishki isenimi hám hújdanı arqalı kórinetuǵının atap ótedi.

Ilimpaz obrazı hadallıq hám hújdan máselesiniń tiykarǵı tasıwshılarınan biri bolıp esaplanadı. Ol jámiyettegi mashqalalardıń tamırın nızamlardıń jetispewshiliginde emes, al insannıń hújdanınıń sónip baratırǵanında dep biledi. Onıń: "Eger adam hújdanı menen jasasa, onı qadaǵalawǵa da, jazalawǵa da zárúrlik qalmaytuǵın edi"[1], degen pikiri shıǵarmadaǵı tiykarǵı filosofiyalıq ideyanı sáwlelendiredi. Ilimpaz jámiyetti ilim járdeminde reformalaw múmkinligine isenedi, biraq shıǵarma dawamında onıń ózi de quramalı ishki qarama-qarsılıqlardan ótedi. Bul jaǵday hadallıq jolı hár- dayım ańsat emesligin kórsetedi.

Dramada hadallıq hám hújdan máselesi shıpakerler obrazları mısalında ásirese tásirli ashıp beriledi. Emlewxanada isleytuǵın ayırım qaharmanlar para beriwdi kásibiniń ajıralmas bólegine aylandırıp alǵan bolsa da, "hadallıq vakcinası" tásirinen soń óz qılmıslarınan qutıla almaydı. Periyzat obraziniń keskin shıǵıwları bul processtiń ayqın kórinisi bolıp tabıladı. Ol ashıqtan-ashıq tán aladı: "Biz adamlardı emlew ushın emes, pul tabıw ushın kelgendey boldıq". Bul tán alıw hújdan oyanıwınıń dáslepki basqıshı sıpatında tallanadı.

Professor obrazında hadallıq hám hújdan máselesiniń ishki gúres arqalı ashılıwı ayrıqsha áhmiyetke iye. Ol uzaq jıllar dawamında para alıwdı ádettegi jaǵday dep bilgen, biraq vakcina tásirinde óz qılmısların tereń tallay baslaydı. Onıń: "Men studentlerge bilim bermedim, men olardıń hújdanın urladım"[1]degen sózleri kúshli dramalıq tásirge iye. Bul tán alıw arqalı avtor bilimlendiriw tarawındaǵı ádep-ikramlılıq mashqalaların ashıp beredi hám hújdansızlıqtıń jámiyet keleshegine qanshelli zıyanlı ekenin kórsetedi.

Jurnalist obrazı hadallıq hám hújdan máselesiniń jáne bir áhmiyetli tárepin ashadı. Ol haqıyqattı bilse de, onı ashıq aytıwǵa batına almaydı. Onıń ishki ekileniwi, haqıyqatlıq tek ǵana ótirik sóylemew emes, al haqıyqattı qorǵaw juwapkershiligin de óz ishine alatuǵının kórsetedi. Jurnalisttiń úndemewi hújdan krizisiniń eń qáwipli kórinislerinen biri sıpatında talqılanadı. Sebebi avtordıń kóz qarasında úndemew de ádep-ikramlılıq juwapkershilikten qashıw bolıp tabıladı.

Dramada insannıń ishki gúresi hadallıq hám máp arasındaǵı qarama-qarsılıqta kórinedi. Qaharmanlar bir tárepten óz mápin saqlap qalıwǵa, ekinshi tárepten hújdan hámirine qulaq asıwǵa májbúr boladı. "Hadallıq vakcinası" mine usı ishki gúresti keskinlestiredi. Nátiyjede qaharmanlar ózleri jasırıp kelgen haqıyqatlıq penen duslasadı. Bul process ruwxıy azap, pushaymanlıq hám geyde keshikken ańlaw arqalı anlatıladı.

Avtor hadallıqtı tek individual paziylet sıpatında emes, al jámiyetlik turmıstı salamatlandırıwshı kúsh sıpatında kórsetedi. Shıǵarmada hadallıqtıń joqlıǵı jámiyetti kriziske alıp keliwi, hújdan oyanıwı bolsa sociallıq tikleniwdiń áhmiyetli shárti ekenligi kórkem qurallar arqalı dálillenedi. Usı jaǵınan "hadallıq vakcinası" simvolı jámiyetti májbúriy emes, al sanalı túrde pákleniwge shaqırıwshı ideya sıpatında talqılanadı.

Juwmaqlap aytqanda, "Hadallıq vakcinası" dramasında hadallıq hám hújdan máselesi insan mánawiyatı hám ishki gúresi menen tıǵız baylanıslı halda sáwlelendirilgen. Avtor qaharmanlar táǵdiri arqalı hadallıqtıń haqıyqıy mánisin ashıp beredi hám tamashagóy hám oqıwshını óz hújdanı menen júzlesiwge iytermeleydi. Shıǵarma jámiyetti reformalaw insan qálbinen baslanıwı kerek, degen áhmiyetli juwmaqtı alǵa qoyadı.

**Paydalanǵan ádebiyatlar:**

1. М.Қутлымуратов, "Ҳадаллық вакцинасы" драмасы, "Әмиўдәрья" журналы 2025-жыл 3-саны
2. Qutlımuratov M. Qaraqalpaq dramaturgiyası tariyxı. - Nókis: "Sharq," 2015
3. Járimbetov Q, Genjemuratov B. Ádebiyat teoriyası -Tashkent, 2018